



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS
Special Education Hearings Division

66 John Street, 11th Floor
New York, NY 10038
Tel: (212) 436-0821
Email: sehd@oath.nyc.gov

MANDA POU KONPARÈT KÒM TEMWEN

ONON PÈP ETA NEW YORK LA:

Pou (temwen ki pou konparèt la):

Non

Biznis, Òganizasyon, elatriye

Liy adrès 1

Liy adrès 2

Adrès imèl

Nimewo telefòn

Nimewo faks

Objè:

Non elèv la

Nimewo dosye a

Dat elèv la fèt

NYC ID/OSIS

Papye sa a se pou ba ou lòd konparèt _____ nan yon odyans k ap fèt selon pwosedi legal yo konsènan elèv ki gen non li pi wo a ki pral fèt nan dat _____, a _____ e nan tout dat apre yo.

Si ou pa konparèt, y ap konsidere ou koupab vyolasyon Règleman Komisè Edikasyon Eta New York la, e w ap sibi sanksyon ki genyen pou sa yo.

Si ou gen kesyon oswa bagay k ap trakase ou sou manda sa a, tanpri kontakte moun ki voye manda sa a anvan. Si moun ki voye manda a pa ka reponn kesyon w yo oswa pa ka rezoud sa k ap trakase ou yo, tanpri kontakte Ajan Odyans Enpasyal ki gen kowòdone li pi ba a.

Siyati moun k ap fè demann nan

Non

Dat

Sou lòd Ajan Odyans Enpasyal la

Siyati

Ajan Odyans Enpasyal la

Dat

ENSTRIKSYON

Yon "manda pou konparèt kòm temwen" se lòd Ajan Odyans Enpasyal la ki egzije pou yon moun vin temwaye (bay enfòmasyon sou sèman) nan odyans la. Ou gen dwa pou w mande pou moun ki gen enfòmasyon sou sa ki pase nan dosye w la vin nan odyans la epi bay enfòmasyon yo genyen yo. Lòt pati an gen dwa di li pa dakò manda w lan, oswa Ajan Odyans Enpasyal la gen dwa limite oswa refize demann ou an pou moun nan resevwa lòd vin temwaye. Enstriksyon sa yo eksplike kijan pou w ranpli fòmilè "Manda pou Konparèt kòm Temwen" OATH la.

Seksyon "Pou" a

Sou premye liy nan, mete non moun ou vle kòm temwen nan odyans la. Mete non biznis oswa òganizasyon li an (paregzanz, "P.S. 13"). Mete tout enfòmasyon ou genyen sou moun nan sou liy ki di adres postal, adres imèl, nimewo telefòn, ak nimewo faks.

Seksyon "Objè" a

Sou premye liy nan, mete non elèv la. Sou dezyèm liy nan, mete nimewo dosye w la. Sou twazyèm liy nan, mete dat nesans elèv la. Sou katriyèm liy nan, mete nimewo idantifikasyon elèv la (yo rele li tou nimewo OSIS oswa nimewo NYC ID).

Seksyon "Papye sa a se pou ba ou lòd" la

Nan seksyon sa a, ranpli twa espas vid yo. Si ou pa konn repons yo, kite yo vid, epi Ajan Odyans Enpasyal la ap ede ou.

- Toudabò, klike sou flèch ki pwente anba a ki sou kote "Chwazi" an. Chwazi kijan ou vle pou moun nan temwaye (pa videyokonferans, pa telefòn, oswa an pèsonn).
- Apre sa, klike sou espas vid ki sou kote mo "ki pral fèt nan dat" pou mete dat odyans ou a. W ap wè yon flèch pwente anba parèt. Klike sou flèch ki pwente anba a epi w ap wè yon kalandriye dewoule. Klike sou dat odyans ou a (jou kote temwen an dwe bay temwayaj li an), epi dat la ap parèt otomatikman.
- Finalman, klike sou flèch ki sou kote mo "Chwazi" an pou mete a ki lè pou moun nan temwaye. Lè sa a w ap wè yon lis lè. Klike sou yon lè e l ap parèt otomatikman.

Seksyon Siyati an

Siyen non ou sou liy ki sou kote li make pou w siyen an. Pou sèvi ak yon "siyati nimerik", klike sou etikèt wouj ki sou kote "Siyati moun k ap fè demann nan" epi suiv etap yo. Si ou vle, ou ka enprime dokiman an tou epi siyen li ak plim. Tape oswa ekri non ou klè sou liy ki sou kote "Non" an. Sou liy ki sou kote "Dat" la, tape oswa ekri dat ou ranpli fòmilè a.

Voye Manda a bay Ajan Odyans Enpasyal la ak lòt Pati an

Voye manda a pa imèl oswa pa lapòs bay Ajan Odyans Enpasyal yo mete sou dosye w la e bay reprezantan oswa avoka lòt pati an nan dosye a. Ajan Odyans Enpasyal la ap li manda a, l ap chèche konnen si lòt pati an gen bagay li pa dakò, e l ap deside apwouve, refize, oswa chanje manda w lan. Si Ajan Odyans Enpasyal la apwouve manda w lan, l ap voye yon kopi siyen ba ou.

Remèt Manda a

Lè Ajan Odyans Enpasyal la fin siyen manda w lan, ou dwe "remèt" manda a bay moun ki pral temwaye a. Pour fè sa, ou ka voye manda a ba li pa lapòs, pa imèl, oswa remèt li l an pèsonn. Si ou se yon Paran k ap mande pou yon anplwaye Depatman Edikasyon an (Department of Education, DOE) temwaye, ou ka voye manda siyen an bay avoka DOE oswa reprezantan DOE a epi mande li remèt (voye) manda a.